

# Vaksen Kont Varisèl

## Sa Ou Bezwen Konnen

Many Vaccine Information Statements are available in Haitian Creole and other languages. See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Anpil Bilten Enfòmasyon sou Vaksen yo disponib nan lang Kreyòl Ayisyen ak nan lòt lang. Ale sou sitwèb [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

### 1 Pou kisa pou mwen vaksinen?

Varisèl (ki rele varicella tou) se yon maladi timoun piti gen souvan. Anjeneral, se yon ti maladi, men li kapab grav, sitou sou jèn tibebe ak adilt yo.

- Li lakòz yon gratèl, demanjezon, lafyèv ak fatig.
- Li kapab lakòz enfeksyon po ki grav, sikatris, nemoni, domaj nan sèvo, oswa lanmò.
- Viris varisèl kapab simaye ant yon moun ak yon lòt moun nan lè a, oswa nan kontak avèk likid zanpoud varisèl la.
- Yon moun ki te gen varisèl kapab gen yon gratèl ki bay doulè ki rele zona kèk ane apre.
- Anvan te gen vaksen an, apeprè 11,000 moun te entèn lopital pou varisèl chak ane nan Etazini.
- Anvan te gen vaksen an, apeprè 100 moun te mouri chak ane akòz varisèl nan Etazini.

Vaksen kont varisèl kapab anpeche moun gen varisèl.

Pifò moun ki pran vaksen kont varisèl p ap gen varisèl. Men si yon moun ki te vaksinen gen varisèl, anjeneral li piti anpil. Moun nan ap gen kèk zanpoud, l ap gen mwens chans pou li gen lafyèv, epitou l ap refè pi vit.

### 2 Kimoun ki ta dwe pran vaksen kont varisèl epi kilè?

#### Woutin

Timoun ki pa t janm gen varisèl ta dwe pran 2 dòz vaksen kont varisèl nan laj sa yo:

- |           |   |
|-----------|---|
| 1ye Dòz:  | laj 12–15 mwa   |
| 2yèm Dòz: | laj 4–6 ane (yo ka bay li pi bonè, si se omwen nan 3 mwa apre 1ye dòz la) |

Moun ki gen laj 13 zan ak plis (ki pa t janm gen varisèl oswa ki te pran vaksen kont varisèl) ta dwe pran de (2) dòz yo omwen sou 28 jou apa.

#### Ratrapaj

Nenpòt moun ki pa pran tout dòz vaksen an, epi ki pa t janm gen varisèl, ta dwe resevwa youn oswa de (2) dòz vaksen kont varisèl. Moman pou pran dòz sa yo depannde laj moun nan. Mande doktè ou.

Yo ka bay vaksen kont varisèl anmenmtan avèk lòt vaksen yo.

Nòt: Yo ka bay yon vaksen “melanje” ki rele **MMRV**, ki gen vaksen kont varisèl ak vaksen kont MMR, alapas de (2) vaksen apa pou moun ki gen laj 12 zan ak pi piti.

### 3 Kèk moun pa ta dwe pran vaksen kont varisèl oswa yo ta dwe rete tann.

- Moun yo pa ta dwe pran vaksen kont varisèl si yo te janm gen yon reyaksyon alèjik ki menase lavi yo nan yon dòz vaksen kont varisèl yo te pran anvan oswa nan jelatin oswa nan antibiyotik neomycin.
- Moun ki gen maladi modere oswa maladi grav nan moman ki pwograme pou yo vaksen an ta dwe rete tann jouk lè yo refè anvan yo pran vaksen kont varisèl.
- Fanm ansent yo ta dwe rete tann pou yo pran vaksen kont varisèl jouk apre lè yo akouche. Fanm yo pa ta dwe vin ansent pandan 1 mwa apre yo pran vaksen kont varisèl.
- Kèk moun ta dwe kontakte doktè yo pou yo konnen si yo ta dwe pran vaksen kont varisèl, tankou nenpòt moun ki:
  - VIH/SIDA oswa yon lòt maladi ki afekte sistèm defans yo
  - K ap swiv tretman avèk medikaman ki afekte sistèm defans yo, tankou estewoyid, pandan 2 semèn oswa plis.
  - Gen nenpòt kalite kansè
  - Ap swiv tretman pou kansè avèk radyasyon oswa medikaman
- Moun ki te pran san pa twò lontan oswa ki te resevwa lòt pwodui abaz san ta dwe mande doktè yo kilè yo ka pran vaksen kont varisèl.

Mande doktè pou li ba ou plis enfòmasyon.

**4****Ki risk ki genyen nan vaksen kont varisèl?**

Yon vaksen, tankou nenpòt medikaman, kapab pètèt lakòz kèk pwoblèm grav, tankou kèk reyaksyon alèjik grav. Risk pou vaksen kont varisèl lakòz domaj ki grav, oswa lanmò, piti anpil-anpil.

Si ou pran vaksen kont varisèl ou gen plis pwoteksyon pase pou gen maladi varisèl. Pifò moun ki pran vaksen kont varisèl pa gen okenn pwoblèm avèk li. Anjeneral, reyaksyon yo gen plis chans pou manifeste apre premye dòz la pase apre dezyèm nan.

**Ti pwoblèm**

- Doule oswa anflamasyon kote yo te bay moun nan vaksen an (apeprè 1 sou 5 timoun ak jiska 1 sou 3 adolesan ak adilt)
- Lafyè (1 moun sou 10, oswa mwens)
- Ti gratèl, jiska yon mwa apre vaksinasyon an (1 moun sou 25). Li posib pou moun sa yo enfekte lòt moun lakay yo, men sa ra anpil-anpil.

**Pwoblèm modere**

- Kriz (sekous oswa gade fiks) akòz lafyè (ki ra anpil).

**Pwoblèm grav**

- Nemoni (ki ra anpil)

Yo te rapòte lòt pwoblèm grav, tankou reyaksyon grav nan sèvo a ak fèb emogram, apre vaksinasyon kont varisèl. Pwoblèm sa yo rive tèlman ra sa fè espè yo pa kapab di si se vaksen an ki lakòz yo oswa ki pa lakòz yo. Si gen pwoblèm yo, yo ra anpil-anpil.

Nòt: Premye dòz vaksen kont **MMRV** te gen pou wè ak gratèl ak to lafyè ki pi wo pase vaksen kont **MMR** ak vaksen kont varisèl yo te bay apa. Yo te rapòte gratèl sou apeprè 1 moun sou 20, epi yo te rapòte lafyè sou apeprè 1 moun sou 5.

Yo rapòte malkadi akòz yon lafyè tou pi souvan apre vaksinasyon kont **MMRV**. Anjeneral, pwoblèm sa yo rive 5–12 jou apre premye dòz la.

**5****Kisa pou mwen fè si mwen gen yon reyaksyon ki grav?****Kisa mwen ta dwe chèche?**

- Chèche nenpòt bagay ki konsène ou, tankou siy yon reyaksyon alèjik grav, lafyè ki fò anpil, oswa chanjman nan konpòtman.

Siy yon reyaksyon alèjik grav kapab gen ladan itikè, figi anfle ak gòj anfle, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, vètij ak feblès. Siy sa yo ta kòmanse nan kèk minit pou rive nan kèk èdtan apre ou pran vaksen an.

**Kisa mwen ta dwe fè?**

- Si ou panse se yon reyaksyon alèjik ki grav oswa si ou panse se yon lòt ijans ki pa kapab tann, rele 9-1-1 oswa mennen moun ou an nan lopital ki pi pre a. Sinon, rele doktè ou.
- Apre sa, ou ta dwe rapòte reyaksyon nan ba Sistèm pou Rapòte Reyaksyon Negatif Vaksen [Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS)]. Doktè ou ta ka fè rapò sa a, oswa ou kapab fè li poukont ou sou sitwèb VAERS nan [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov), oswa ou kapab rele nimewo **1-800-822-7967** pou fè sa.

*VAERS la sèlman pou rapòte reyaksyon yo. Yo pa bay konsèy medikal.*

**6****Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Chòk nan Vaksen [National Vaccine Injury Compensation Program (VICP)]**

Pwogram Nasyonal Konpansasyon pou Chòk nan Vaksen [National Vaccine Injury Compensation Program (VICP)] se yon pwogram federal yo te kreye pou konpanse moun ki te ka pran chòk akòz sèten vaksen.

Moun ki kwè yo te ka pran chòk nan yon vaksen kapab chèche enfòmasyon sou pwogram nan ak sou fason pou yo fè yon reklamasyon. Pou fè sa, yo ka rele nimewo **1-800-338-2382**, oswa yo ka ale sou sitwèb VICP nan [www.hrsa.gov/vaccinecompensation](http://www.hrsa.gov/vaccinecompensation).

**7****Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?**

- Mande doktè ou.
- Rele depatman sante lokal ou oswa depatman sante eta kote w ap viv la.
- Kontakte Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi [Centers for Disease Control and Prevention (CDC)]:
  - Rele nimewo **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
  - Ale sou sitwèb CDC nan [www.cdc.gov/vaccines](http://www.cdc.gov/vaccines)

Vaccine Information Statement (Interim)

**Varicella Vaccine**

3/13/2008

Haitian

Office Use Only

